



Pou Piblikasyon Imedya: 16/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 10.1 MILYON DOLA POU PWOJÈ RANPLASMAN PON NAN SOUTHERN TIER AK FINGER LAKES

*Twa pwojè ap ranfòse sekirite epi amelyore mobilite ak rezilyans nan tout koridò
deplasman kle yo*

Enkli retilizasyon eleman ki soti nan ansyen pon Tappan Zee

*Investisman an ap konplete "Southern Tier Soaring" lan – ki se estrateji global
rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke travay yo te kòmanse sou twa pwojè ranplasman pon k ap ranfòse sekirite epi amelyore mobilite sou koridò kle yo nan Lwès Southern Tier. Pwojè yo prepezante yon investisman 10.1 milyon dola nan enfrastrikti transpò rejyon an k ap amelyore rezilyans kont move tan pandan l ap ogmante aksè tou pou tout itilizatè sistèm nan, ki enkli pyeton ak otomobilis yo. Travay Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) ap fè a ap itilize eleman ki resikle ki soti nan ansyen Pon Tappan Zee an, ki souliyen angajman Gouvènè Hochul pou itilize tout resous ki disponib yo pou bay Nouyòkè yo yon rezo transpò ki reponn ak defi 21yèm syèk la.

"New York detèmine pou fè investisman ki nesèsè nan enfrastrikti eta nou an pou bay kominote lokal ak ekonomi rejyonal yo rezo transpò yo bezwen pou rete konekte epi rete konpetitif nan ekonomi mondyal la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè pon sa yo ap bay mobilite ki amelyore ak rezilyans pou deseni k ap vini yo, k ap rann li pi fasil pou rezidan ak vizitè yo deplase nan Lwès Southern Tier epi pwofite de tout sa rejyon an genyen pou ofri. Epi lè nou itilize eleman ki resikle ki soti nan Pon Tappan Zee a, n ap ekonomize tan tou epi diminye depans yo."

Pano platfòm pon ki soti nan Pon Tappan Zee la, ki te dekonstui an 2017 yo, te itilize nan kad yon pwojè 4.8 milyon dola pou ranplase pon ki pote State Route 248 sou Sugar Creek ak Bennetts Creek nan Komin Canisteo, Konte Steuben. Yo te mete pano platfòm ki re-itilize yo sou pye dwa ki fèk konstui yo pou kreye nouvo estrikti k ap fèt sou Pon ansyen Sugar Creek la, ki te konstui alorijin an 1939. Pon Flèv Bennett la, ki te konstui an 1974 ap ranplase pa yon nouvo pon plizyè pout. Toude nouvo pon yo ap

itilize beton ki rezistan ak klima ak lòt materyèl pou amelyore rezistans kont move tan. Y ap genyen tou akotman ki pi laj pou akomode siklis ak pyeton yo pi byen.

State Route 248 se yon wout aksè prensipal pou anba lavil Canisteo, epi ranplasman Sugar Creek ak Bennetts Creek konplete investisman [8.6 milyon dola](#) NYSDOT a pou ranfòse sekirite ak bote zòn anba lavil vilaj la ki te fini ane pase a. Pandan konstriksyon an, trafik sou Sugar Creek ap kontinye atravè enstalasyon yon pon tanporè sou sit la. Pon Bennetts Creek la ap konplete an plizyè faz avèk trafik ki diminye a yon sèl vwa epi ki kontwole pa siyal tanporè. Yo prevwa gwo konstriksyon an ap fini nan fen ane a.

Lòt investisman k ap fèt ane sa yo se:

- **3 milyon dola** pou ranplase pon ki pote State Route 54 sou Willow Grove Creek, nan Komin Milo, Konte Yates. Pwojè a ap ranplase estrikti orijinal la, ki te konstui an 1938, ak yon pon an pout an asye. Nouvo pon an ap genyen eleman asye galvanize ak yon platfòm beton konpoze ki pi rezistan ak klima epi yo prevwa k ap bay yon dire sèvis 75 lane. Nouvo pon an ap genyen akotman ki pi laj tou pou akomode siklis ak pyeton yo pi byen. State Route 54 etann li nan kè Finger Lakes, ki kouri soti nan nò rive nan sid sou tout kot sid Lak Keuka a epi bay anpil vizitè aksè nan anpil etablisman divèn ke ou ka jwenn lè w ap kondui sou wout sa. Demolisyon pon orijinal la te kòmanse 10 avril epi yo prevwa tout pwojè a ap fini nan sezon prentan ane sa.
- **2.3 milyon dola** pou ranplase pon ki pote State Route 14A sou Rock Stream Creek, nan Komin Reading, Konte Schuyler. Pwojè a ap ranplase estrikti orijinal la, ki te konstui an 1926, ak yon pon an ak an beton k ap genyen akotman ki pi laj epi ki genyen yon dire sèvis 70 lane. State Route 14A se yon wout aksè ki enpòtan anpil pou Rejyon Finger Lakes la epi konekte Vilaj Watkins Glen, ki genyen atraksyon tankou Pak Eta Watkins Glen ak Watkins Glen International, ki se yon destinasyon pis kous pou pasyone machin toupitou nan mond lan. Yo prevwa pwojè a ap fini nan otòn ane sa.

Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Gouvènè Hochul konprann ki lè nou investi nan kominote Eta nou an ak enfrastrikti transpò yo, n ap pran yon angajman fondamantal pou anviwònman alontèm nou ak dirabilite ekonomik. Lè nou resikle platfòm pon ki soti nan PonTappan Zee yo, sa rann pwojè sa yo nan Lwès." Southern Tier pi rantab epi sa ede nou kenbe moun ak biznis yo ap fonksyone nan tout rejyon an pou deseni k ap vini yo, k ap rann kominote lokal nou yo pi solid, enfrastrikti nou an pi rezistan epi ekonomi nou an pi dinamik.

Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, te deklare, "Pon Tappan Zee an reviv ak nouvo objektif. Otorite Thruway la te deside plizyè ane de sa pou mete pano

plafòm an beton sa yo sou kote pou yo te ka itilize yo nan fason estratejik atravè Eta New York. Sa se yon bon egzanp gouvènman nan tout nivo k ap travay ansanm pou ekonomize lajan kontribyab yo epi benefisye kominote lokal yo."

Manm Asanble Phil Palmesano te deklare, "Pwojè ranplasman pon sa yo ki te prevwa pou travay nan tout Distri Asanble mwen an nan Konte Schuyler, Steuben ak Yates, dekri enpòtans enfrastrikti lokal la epi se yon pati ki enpòtan anpil pou yon rezo transpò ki sekirize epi fyab. Wout ak pon nou yo se yon pati ki nesèsè nan depasman kotifyen ke rezidan lokal yo, sekouris, pasaje kotidyen, touris ak tout moun ki deplase sou wout sa yo itilize. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Dominguez ak Depatman Transpò Eta NY la pou angajman kontini yo pou amelyore sistèm transpò a."

Manm Asanble Joseph M. Giglio, te deklare, "Sa se bon nouvèl pou rezidan Canistota ak Konte Steuben yo. Ranplasman pon sa yo ki pote State Route 248 sou Sugar Creek ak Bennetts Creek ap ranfòse sekirite pou depasman piblik pandan y ap deplase epi fè biznis nan tout rejyon an. Pandan travay la ap kòmanse, mwen mande pou tout chofè yo ralanti epi rete vijilan pou pwoteje travayè konstriksyon DOT yo nan pwojè sa yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò Eta New York la dèske yo bay pwojè sa yo priyorite."

Prezidan Lejislatif Konte Steuben, Kelly Fitzpatrick, te deklare, "Nou apresye investisman kontini Eta New York nan enfrastrikti Konte Steuben. Inisyativ tankou sa ranfòse kominote nou yo ak ekonomi nou an. Angajman fon nan pwojè pon yo benefisye tout kontribyab."

Li ka nesèsè pou yo fèmen liy ak wout pou ekip yo kapab fini pwojè sa yo. Y ap kominike enpak sa yo ak lòt enpak sou sikilasyon an pandan tout sezon konstriksyon an.

Tout aktivite konstriksyon yo depann sou move tan. N ap raple otomobilis yo ke kontravansyon yo double lè yo depase limit vitès nan zòn travay yo. Konfòmman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay yo (Work Zone Safety Act), kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakòz yo anile lisans yon moun.

Pou enfòmasyon nan tan reyèl sou depasman, chofè yo ta dwe rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon 511NY gratis la.

Swiv Depatman Transpò Eta New York sou Twitter ak [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT) ak [@NYS DOT Rochester](https://twitter.com/NYS DOT Rochester). Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYS DOT.

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konplete pwojè "Southern Tier Soaring", ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt

nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon pwochen jenerasyon an. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)